



ALLAPATTAH FLATS K 8 26 –27 KÒD ABIMAN AK RÈGLEMEN APARÈY ELEKTWONIK

Allapattah Flats, an kolaborasyon avèk School Advisory Council (SAC) la, etabli kondisyon sa yo pou kòd abiman elèv yo, epi yo pral aplike yo avèk anpil rigè. Tanpri kontakte lekòl la si ou gen nenpòt kesyon. Administrasyon an se otorite final la pou tout kesyon ki gen rapò ak Kòd Abiman an.

Chemiz ak Tèt Rad: Elèv yo ka mete mayo ak manch kout oswa manch long, chemiz ak kolye, oswa mayo lespri lekòl Allapattah. Chemiz yo dwe nan bon gwozè epi yo dwe toujou kouvri vant ak pati anba do a, menm lè elèv la chita. Po a dwe toujou kouvri depi sou zepòl rive nan mitan kwis yo. Rad yo dwe an bon kondisyon, byen koud nan bò yo, pa dwe transparan, epi pa dwe gen twou oswa twal may. Chemiz san manch, bretèl mens ("spaghetti straps"), oswa mayo enteryè ki sèvi kòm rad deyò pa pèmèt. Yon mayo enteryè ka mete anba yon chemiz ak kolye pou rezon ijyèn epi li obligatwa anba chemiz ki gen kou an fòm "V". Elèv yo pa gen dwa ekri, kolorye oswa modifye chemiz yo. Rad yo pa dwe genyen mesaj oswa desen ki ofansan, ki ankouraje yon ajanda pèsònèl, oswa ki deranje anviwònman aprantisaj la, selon desizyon administrasyon lekòl la.

Jeans, Pantalon, Bout Kout, Skort, ak Wòb Jumper: Elèv yo ka mete bout kout ak skort ki rive nan pwent dwèt yo lè bra yo bese sou kote, jip ki rive nan jenou, ak wòb jumper ki rive nan jenou. Pantalon espò lekòl la ki vann nan biwo prensipal la ka mete tou. Tout rad pou pati anba kò a dwe nan bon gwozè epi dwe mete nan ren an. Rad yo dwe kouvri kò a depi sou zepòl rive nan mitan kwis yo, epi pa dwe gen po ki vizib anlè jenou yo. Pantalon yo dwe byen koud nan anba yo, pa dwe trennen atè oswa gen bò ki dechire. Pantalon ki twò laj oswa twò gwo pa pèmèt. Elèv yo pa gen dwa modifye pantalon espò lekòl la (tankou fè koupe, ekri sou yo, oswa fè lòt chanjman). Jeggings, leggings (eksepte pou elèv K-3yèm ane), bout kout pou bisiklèt, bout kout atletik, pijama oswa nenpòt rad ki sanble ak pijama pa pèmèt.

Soulye: Elèv yo dwe mete soulye ki fèm devan epi ki gen dèyè. Soulye atletik yo rekòmande. Bòt oswa nenpòt lòt kalite soulye ki monte pi wo pase mitan molè a pa pèmèt. Soulye ki gen wou pa pèmèt. Soulye yo pa dwe anpeche patisipasyon nan klas Edikasyon Fizik (PE), rekreyasyon, itilizasyon eskalye oswa depasman alè ant klas yo. Yo dwe mete soulye atletik pandan klas PE yo, epi Crocs pa pèmèt pandan aktivite PE yo.

Jakèt, Chanday ak Hoodies: Elèv yo ka mete hoodies lekòl la ki achte atravè lekòl la chak jou. Hoodies elèv klas 8yèm ane yo ap nwa. Tout elèv dwe mete yon chemiz ki konfòm ak kòd abiman an anba hoodie yo. Hoodies pa ka sèvi kòm chemiz. Kapichon yo pa ka mete sou tèt la okenn lè.

Klas Edikasyon Fizik (PE): Elèv lekòl primè yo patisipe nan rekreyasyon chak jou ak klas Edikasyon Fizik omwen yon fwa pa semèn. Soulye atletik apwopriye obligatwa pou aktivite deyò, espò ekip ak klas PE yo. Crocs pa pèmèt pandan PE. Elèv lekòl segondè yo dwe mete inifòm PE ofisyèl lekòl la, ki disponib pou achte nan biwo prensipal la. Elèv ki pa mete inifòm PE obligatwa a ap resevwa aktivite altènatif epi yo ka pa resevwa kredi patisipasyon pou peryòd klas sa a.

Cheve: Administrasyon an se otorite final la sou tout kesyon kòd abiman, enkli kesyon ki gen rapò ak cheve.

Bijou: Elèv yo pa ka mete bijou oswa akseswa ki gen pwent file, chokè (choker), braslè ak pik, oswa nenpòt bagay ki ka kreye gwo distraksyon.

Nòt Enpòtan: Rad atletik, survètman, rad spandex ak bout kout jimnastik (eksepte inifòm PE lekòl la) pa pèmèt. Bijou yo dwe piti, senp epi yo pa dwe reprezante yon danje pou sekirite oswa yon distraksyon. Rad oswa akseswa ki ankouraje itilizasyon dwòg, tabak, alkòl oswa vyolans pa pèmèt. Nenpòt materyèl ki asosye ak gang pa pèmèt.

Konsekans pou Vyolasyon Kòd Abiman: Vyolasyon kòd abiman yo pral aplike atravè yon sistèm disiplin pwogresif:

- 1ye vyolasyon: Elèv la ap resevwa yon avètisman. Paran yo pral kontakte pou pote yon lòt rad.
- 2yèm vyolasyon: Elèv la ap resevwa yon Rapò Ensidan Konpòtman (BIR). Paran yo pral kontakte pou pote yon lòt rad.
- 3yèm vyolasyon: Elèv la ap resevwa yon Referans Disiplinè pou Vyolasyon Kòd Abiman dapre Kòd Konduit SLPS la.
- 4yèm vyolasyon ak plis: Elèv la ap resevwa yon Referans Disiplinè pou Vyolasyon Kòd Abiman dapre Kòd Konduit SLPS la epi li pa pral retounen nan klas jiskaske kondisyon yo satisfè.

Konsekans pou vyolasyon kòd abiman yo ka gen ladan Sispansyon Andedan Lekòl (ISS), Travay Sèvis, oswa Detansyon Apre Lekòl, selon gravite oswa repetisyon vyolasyon an. Refize korije yon vyolasyon ki ka korije imedyatman (tankou ajiste pantalon nan ren an) ka lakòz yon referans disiplinè pou mank respè oswa defi ouvèt anè otorite.

Privilèj Elèv Klas 8yèm Ane: Pandan de dènye semèn lekòl la, elèv klas 8yèm ane ki pa gen plis pase 3 BIR oswa referans disiplinè pandan ane lekòl la ap gen privilèj pou mete bout kout atletik ki nan longè apwopriye, leggings avèk chemiz ki kouvri ranch yo, ak sandal “slides” (pantouf chanm pa pèmèt).

Règleman sou Telefòn Selilè ak Aparèy Elektwonik: Lwa Florida House Bill 1105 entèdi itilizasyon aparèy kominikasyon san fil pandan jounen lekòl la. Elèv yo pa gen dwa itilize telefòn selilè oswa lòt aparèy elektwonik pou pran foto oswa videyo, jwe jwèt, chèche enfòmasyon sou entènèt, itilize rezo sosyal, fè apèl telefòn, oswa voye mesaj tèks nenpòt kote sou kanpis la oswa sou teren lekòl la. Si yon telefòn oswa lòt aparèy elektwonik (tankou mont entelijan, ekoutè san fil, elatriye) konfiske, konsekans sa yo pral aplike:

- 1ye ofans: Aparèy la retounen bay elèv la nan fen jounen lekòl la.
- 2yèm ofans: Aparèy la retounen sèlman bay paran oswa responsab legal la.
- 3yèm ofans: Elèv la pèdi privilèj pou genyen aparèy la sou kanpis la. Aparèy la dwe depoze nan biwo Dwayen an chak maten epi yo pral remèt li nan fen jounen lekòl la.

Elèv yo pa gen dwa genyen telefòn selilè sou yo pandan evalyasyon oswa egzamen. Yo dwe mete telefòn nan nan sakado yo oswa remèt li bay pwofèsè a pandan evalyasyon yo.